**दिन–गुरूवार** **दिनांक–04.06.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुजफ्फरपुरक एकटा निजी अस्पताल मे आइ भोर आगिलगी केर घटना मे पांच गोट मरीजक मृत्यु भऽ गेल। जिलाधिकारी सुब्रत कुमार सेन जनौलनि जे मृतक लोकनिक शव केर पोस्टमार्टम कऽ हुनक निकटतम परिजन कैँ सौंपि देल गेल अछि। संगहि, मुख्यमंत्रीक निर्देशानुसार परिजन लोकनि कैँ चारि–चारि लाख टाका अनुग्रह राशि सेहो उपलब्ध करा देल गेल अछि। श्री सेन जनौलनि जे मामिलाक जांच लेल पांच सदस्यीय टीमक गठन कयल गेल अछि। एहि टीम कैँ मामिलाक सभ बिन्दुक जांचक निर्देश देल गेल अछि। एम्हर, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एहि घटना पर गहिर दुख व्यक्त कयलनि। ओ कहलनि जे घायल सभक समुचित उपचारक लेल स्थानीय प्रशासन कैँ निर्देश देल गेल अछि। एहि मध्य, स्वास्थ्य मंत्री निशांत ने सेहो हादसा पर गहिर दुख जतबैत कहलनि जे घटनाक उच्च स्तरीय जांच होयत आ जे भी एहि लेल दोषी होयत, हुनका पर कार्रवाई कयल जायत।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी बढ़ैत आबादी आ यातायातक जरूरति कैँ देखैत ग्रामीण सड़क सभक चौड़ीकरण योजना कैँ तेजी सँ पूरा करबाक निर्देश देलनि अछि। आइ पटना मे ग्रामीण विकास विभागक समीक्षा बैसक केर दरमियान ओ कहलनि जे नीक कनेक्टिविटी सँ ग्रामीण अर्थव्यवस्था कैँ नव रफ्तार भेटत आ रोजगारक नव अवसर उत्पन्न होयत। ओ ग्रामीण सड़क सभक नियमित निगरानी सुदृढ़ीकरण केर आवश्कता पर सेहो जोर देलनि। ओतहि, पथ निर्माण विभागक समीक्षा बैसक मे मुख्यमंत्री सभ पुलक नियमित निरीक्षण आ सुरक्षा ऑडिट करयबाक निर्देश देलनि। श्री चौधरी कहलनि जे सड़क आ पुल निर्माण काज सभक गुणवत्ता सँ कोनो समझौता स्वीकार्य नहि होयत। मुख्यमंत्री मुंगेर– बरियारपुर–घोरघट– सुल्तानगंज–भागलपुर– सबौर फोर लेन गंगा पथ परियोजना कैँ हाईब्रिड एन्यूमिटी मोड केर तहत करयबाक लेल कहलनि।

---

जदयू केर वरिष्ट नेता आ मंत्री श्रवण कुमार कहलनि अछि जे बिहार विधान परिषद चुनाव कँ लऽकऽ जल्दीए सीट सभक बंटवारा कँ अंतिम रूप दऽ देल जायत। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे सीट सभ कँ लऽकऽ एनडीए केर वरिष्ठ नेता लोकनिक मध्य विचार–विमर्श चलि रहल अछि।

———————————————————————

युवा रोजगार आ कौशल विकास विभागक मंत्री अरूण शंकर प्रसाद कहलनि अछि जे रोजगार मेलाक तहत मई मास मे दस हजार आठ सय बेरासी युवा लोकनि कँ विभिन्न कंपनी सभ रोजगार प्रदान कयलनि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे जुलाई मास धरि बीस हजार आओर युवा लोकनि कँ रोजगार प्रदान करबाक लक्ष्य अछि।

———————————————————————

युवा, रोजगार आ कौशल विकास विभाग दिस सँ दरभंगाक फराक–फराक प्रखंड सभ मे आइ सँ रोजगार मेलाक आयोजन कयल जा रहल अछि। ई मेला छओ जून धरि फराक–फराक प्रखंड सभ मे लगाओल जायत। एम्हर, खगड़िया आ मोतिहारी मे आइ एक दिवसीय रोजगार मेलाक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————

कांग्रेस केर प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम कहलनि अछि जे राज्य मे संगठनक जल्दीए विस्तार कयल जायत। कटिहार मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे आब डिजिटल माध्यम सँ प्रखंड अध्यक्ष सँ लऽकऽ प्रदेश उपाध्यक्ष धरिक चुनाव होयत। श्री राम कहलनि जे पार्टी डिजिटले माध्यम सँ सृजन साथी नामक अभियानक शुरूआत कयलक अछि, जाहि मे बढ़ि–चढ़ि कऽ लोक भाग लऽ रहल छथि।

———————————————————————

दक्षिण–पश्चिम मॉनसून केरलम मे दस्तक दऽ देलक अछि। मौसम विभाग कहलक अछि जे मानसून केर प्रसारक अनुकूल परिस्थिति बनल अछि। एहि बेर मॉनसून अपन तय समय सँ तीन दिन देरी सँ पहुंचल अछि। एम्हर, प्रदेश मे भीषण गर्मीक स्थिति बनल अछि। कतेको ठामक तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस के पार चलि गेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान चालीस दशमलव छओ डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग बक्सर राज्यक सभ सँ गर्म स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल जे अगिला तीन दिनक दरमियान अधिकतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस बढ़ोतरिक संभावना अछि। ओतहि,

काल्हि प्रदेशक उत्तर–पूर्वी आ दक्षिण–पूर्व भाग सभ मे किछु ठाम हल्का बरखा भऽ सकैत अछि। एहि दरमियान चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तार सँ धूल भरल बिहारि चलबाक चेतावनी सेहो जारी कयल गेल अछि।

————————————————————————

भागलपुर जिलाक गोपालपुरक पोखरिया चौक लऽग अपराधी सभ एकटा जमीन करोबारीक गोली मारि कऽ हत्या कऽ देलक। पुलिस जनौलक अछि जे पहिने सँ घात लगेने अपराधी सभ करोबारीक माथ मे सात टा गोली मारलक, जाहि मे हुनक ठामहि मृत्यु भऽ गेलनि। अपराधी सभक गिरफ्तारी लेल छापेमारी चलि रहल अछि।

अररिया नगर थाना क्षेत्रक गोढ़ी चौक लऽग पुलिस छापेमारी कऽ एकटा यात्री बस सँ सात सय आठ ग्राम स्मैक केर संग दू तस्कर कैँ गिरफ्तार कयलक अछि।

————————————————————————

समाप्त